



**Depatman Sante Eta Laflorid
FÒM KONSANTMAN
TÈS KONFIDANSYÈL VIRIS IMINODEFISYANS (VIH)**

Tès VIH se yon pwosesis ki sèvi ak tès FDA apwouve pou detekte prezans VIH, viris ki lakòz SIDA-a, epitou pou wè kijan VIH aji sou kò-ou. Tès yo sèvi pi souvan pou VIH-la detekte antiko kò-a pwodwi apre VIH-la enfekte-li. Yo kapab fè rezilta tès sa-a konfyans men yon tès negatif se pa yon garanti ke ou an sante. An jeneral, li kapab pran jiska twa mwa pou antiko VIH-yo devlope. Yo rele sa "periyòd fenèt-la". Pandan tan sa-a, rezilta tès-ou gen dwa negatif pou VIH menm si viris-la nan kò-ou epitou ou kapab bay lòt moun li. Yon tès antiko VIH ki pozitif vle di ke *ou* enfekte ak VIH epi ke ou kapab bay lòt moun-li menm si ou santi ou an sante.

Gen lòt tès ki gen dwa detekte prezans viris-la nan san-ou, mezire ki kantite viris-la ki nan san-ou, mezire kantite selil T ki nan san-ou, oswa gade pou wè kijan viris-la reyaji lè yo bay medikaman pou VIH/SIDA. Genyen nan tès sa yo ki gen dwa mande yon dezyèm echantyon pou yo kapab fè plis tès toujou. An jeneral, rezilta tès sa yo disponib apre yon de semèn konsa. Si ou ranpli fòm sa-a epi siyen li pou montre ou dakò, y'ap pran yon echantyon epi y'ap teste-li.

Si yo sèvi ak yon tès VIH rapid, rezilta-yo ap disponib menm jou-a. Si tès rapid-la detekte antiko VIH, gen anpil chans pou ou gen viris-la nan sistèm-ou, men yo dwe konfime rezilta sa-a. Y'ap mande-ou pou ou bay yon dezyèm echantyon pou yo fè plis tès toujou. Rezilta dezyèm tès-la ap disponib nan de semèn konsa.

Si rezilta-yo pozitif, depatman sante lokal-la ap kontakte-ou pou ba w' konsèy, tretman, jere ka-ou epi ba-ou lòt sèvis si ou bezwen epi si ou vle. Y'ap poze keksyon sou patnè ou fè sèks oswa pataje zegi avèk yo, epi y'ap ofri-ou si ou vle konsèy pou patnè ak sèvis referans (PCRS). Rezilta tès VIH-ou ap vin fè pati dosye medikal konfidansyèl-ou. Si ou ansent, oswa ou vin tonbe ansent, rezilta tès-la ap vin fè pati dosye medikal pitit-ou.

Detekte enfeksyon VIH bonè se yon bagay ki gen dwa enpòtan pou tretman-ou; ansanm avèk bon jan prekosyon, sa ede anpeche maladi-a pwopaje. Si ou ansent, gen tretman ki disponib pou ede anpeche tibebe-a vin gen VIH. Si ou gen nenpòt ki keksyon, tanpri mande konseye-ou, doktè-ou, oswa rele Liy SIDA Laflorid-la [Florida AIDS Hotline] (1-800-FLA-AIDS oswa 1-800-352-2437) anvan ou siyen fòm sa-a.

KONSANTMAN	<i>Kliyan-an dwe mete inisyal-li bò kote deklarasyon konsantman-an epi siyen anba-a. Yo dwe ekri dat-la sou fòm konsantman-an epi dwe gen temwen ki siyen.</i>	
OBLIGATWA		
_____ WI _____ NON Inisyal	Yo ban'm enfòmasyon sou tès VIH-la, avantaj-li ak limitasyon-li. Mwen konprann ke gen tès ki mande pou mwen bay yon dezyèm echantyon pou yo fè plis tès.	
_____ Dat	_____ Siyati Kliyan-an oswa Reprizantan Legal-li	_____ Non Kliyan-an an Lèt Detache
_____ Siyati Temwen	_____ Relasyon Reprizantan Legal-la gen ak Kliyan-an (Si sa aplikab)	

SIPLEMANTÈ		
_____ WI _____ NON Inisyal si sa aplikab	Si mwen kite zòn kote mwen rete-a oswa mwen demenaje, mwen vle pou yo voye rezilta-yo bay doktè sante piblik apwopriye-a oswa doktè ki ekri anba la-a pou mwen kapab konnen rezilta sa-yo epi resevwa konsèy apre tès-la.	
_____ Non Doktè oswa Lokal Kliyan-an pito-a ak adrès postal-li		

Enstriksyon:

1. Tanpri verifie kliyan-an li epi konprann enfòmasyon ki sou fòm konsantman sa-a. Si kliyan-an pa kapab li oswa konprann enfòmasyon sa-a, konseye-a dwe li li ba-li.
2. Kliyan-an dwe mete inisyal-li bò kote toude deklarasyon konsantman-yo jan sa apwopriye epi li dwe siyen epi ekri dat-la anba fòm-nan.
3. Si se yon reprizantan legal ki siyen fòm konsantman-an, yo dwe endike sou liy apwopriye-a ki relasyon reprizantan sa-a gen ak kliyan-an.
4. Selon sa pwotokòl eta-a mande-a, si kliyan-an vle pou yo transfere rezilta-yo, se Manadjè Pwogram STD-a k'ap responsab tranzaksyon sa-a.
5. Tout fòm konsantman-yo dwe gen siyati yon temwen. Konseye k'ap bay konsèy anvan tès-la gen dwa sèvi kòm temwen.



Depatman Sante Eta Laflorid
FÒM KONSANTMAN
TÈS ANONIM ANTIKÒ VIRIS IMINODEFISYANS (HIV)

Tès VIH se yon pwosesis ki sèvi ak tès FDA apwouve pou detekte prezans VIH, viris ki lakòz SIDA-a, epitou pou wè kijan VIH aji sou kò-ou. Tès yo sèvi pi souvan pou VIH-la detekte antiko kò-a pwodwi apre VIH-la enfekte-li. Yo kapab fè rezilta tès sa-a konfyans men yon tès negatif se pa yon garanti ke ou an sante. An jeneral, li kapab pran jiska twa mwa pou antiko VIH-yo devlope. Yo rele sa "periyòd fenèt-la". Pandan tan sa-a, rezilta tès-ou gen dwa negatif pou VIH menm si viris-la nan kò-ou epitou ou kapab bay lòt moun li. Yon tès antiko VIH ki pozitif vle di ke ou enfekte ak VIH epi ke ou kapab bay lòt moun-li menm si ou santi ou an sante.

Si ou ranpli fòm sa-a epi siyen li pou montre ou dakò, y'ap pran yon echantyon epi y'ap teste-li. An jeneral, rezilta tès-la disponib nan yon de semèn konsa. Si yo sèvi ak yon tès VIH rapid, rezilta-yo ap disponib menm jou-a. Si tès rapid-la detekte antiko VIH, gen anpil chans pou ou gen viris-la nan sistèm-ou, men yo dwe konfime rezilta sa-a. Y'ap mande-ou pou ou bay yon dezyèm echantyon pou yo fè plis tès toujou. Rezilta dezyèm tès-la ap disponib nan de semèn konsa.

Si rezilta-yo pozitif, y'ap poze-ou keksyon sou patnè ou fè sèks oswa pataje zegi avèk yo, epi y'ap ofri-ou si ou vle konsèy pou patnè ak sèvis referans (PCRS).

Detekte enfeksyon VIH bonè se yon bagay ki gen dwa enpòtan pou tretman-ou; ansanm avèk bon jan prekosyon, sa ede anpeche maladi-a pwopaje. Si ou ansent, gen tretman ki disponib pou ede anpeche tibebe-a vin gen VIH. Si ou gen nenpòt ki keksyon, tanpri mande konseye-ou, doktè-ou, oswa rele Liy SIDA Laflorid-la [Florida AIDS Hotline] (1-800-FLA-AIDS oswa 1-800-352-2437) anvan ou siyen fòm sa-a.

KONSANTMAN *Kliyan-an dwe fè yon ti kwa bò kote "wi" oswa "non" pou di si li vle fè tès-la*

_____ **OUI** _____ **NON** **Yo ban'm enfòmasyon sou tès VIH-la, avantaj-li ak limitasyon-li. Mwen konprann ke gen tès ki**
Tyeke **mande pou mwen bay yon dezyèm echantyon pou yo fè plis tès.**

_____ **Dat**

Place DH1628 Scan ID sticker here

_____ **Siyati Temwen**

_____ **Dat**

Enstriksyon:

1. Tanpri verifie kliyan-an li epi konprann enfòmasyon ki sou fòm konsantman sa-a. Si kliyan-an pa kapab li oswa konprann enfòmasyon sa-a, konseye-a dwe li li ba-li.
2. Apre kliyan anonim-yo resevwa enfòmasyon sou tès antiko VIH-la, yo dwe mete yon ti kwa bò kote "wi" oswa "non" pou montre yo dakò; yo dwe ekri dat-la sou fòm nan, epi sa ki chwazi fè tès-la dwe ekri nimewo idantite skenn-yo (scan ID#) sou fòm-nan.
3. Tout fòm konsantman-yo dwe gen yon siyati temwen. Konseye k'ap bay konsèy anvan tès-la gen dwa sèvi temwen.